# Bible for Shildren

As Man wahala
take start

Na Edward Hughes write am

Na Byron Unger; Lazarus; Alastair Paterson Illosrate am

Na M. Maillot; Tammy S. Adapt am

Na www.christain-translation.com translate am

Na Bible for Children produce am
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.
License: You get di right to copy or print dis story,
as long as you nor dey sell am.

GOD KREATE EVERITIN!
Wen God kreate di first man, Adam, hin dey live for inside di Garden of Eden wit hin wife, Eve.

Dem dey perfectly happy
as dem dey obey God and
dey enjoy Hin presence
until one day ...

"Na true sey
God sey, 'Make
una nor chop
from all di tree wey
dey di gardin'?" di
snake ask di woman.


"No o-o! Wi
fit chop from all
di fruit wey dey
di gardin but wi nor fit chop one;
di woman ansa. If wi chop or
tosh dat fruit, wi go
die. una nor go die,"
di snake tell di woman.


"Una go bi like God ensef." Wen di woman si sey di fruit wey di tree dey produce fine well-well and e good to chop; and e go make pesin get sense well-well, e kon take some of di fruit chop.

Afta di woman disobeys God. Still give some to en husband wey dey with am and e kon chop too. Adam suppose tok sey hin nor dey chop. Hin for sey "No hin nor go di word of God."



Wen Adam and
Eve don sin, dem kon know sey dem nor wear anytin, so dem sew fig leaf togeda kon take am kover dia body so dem kon hide from di Oga wey bi dia God.

Oga God dey waka for di gardin wen evriwhere don kwayet for evening.
Di woman wey Yu give mi bring some fruits from di tree and I kon chop am.



Di woman ansa, "Di snake deceive mi and I kon chop from am." God kon curse di snake. God kon tell di woman, "Wen yu dey labor, I go make am pain yu well-well."


God tell Adam, "You obey yor wife kon chop from di tree wey I kommand yu sey, 'Make yu nor chop from.' Bikos you do dis, I curse di groun. You go work hard to make di groun bring food till you die."

So Oga God kon porshu man and en wife komot from Eden Gardin. Bikos dem don sin, na so dem dey separated from di life-giving God!

E kon put angels for di
gate for di east side
for di gardin with one
swod wey dey
bring fire.

God use skin take make garment for Adam and en wife kon give dem make dem wear. Na Where God take di skin from?

As time dey pass, Adam sleep with Eve en wife and e get belle kon born. Abel dey kare for di animals, while Kain na farmer.

Afta sometaim, Kain kon bring some fruit from di groun wey e won offa give Oga God. While Abel bring some of di first-born for en animals wey fat pass. God like wetin Abel bring.

But God nor like Kain and en ofrin. So Kain kon dey vex and e face kon shange. Den Oga God kon tok sey, Nor bi true sey if you do wetin dey write, body go sweet you?



Cain anger nor go away.
Sometime later for inside
di farm hin attack Abel -
na so e kill am!

Den Oga God ask Kain. "Where your broda Abel dey?" Kain ansa, "I nor know! Na mi dey keep my broda?" You go dey waka anyhow for dis eart without house.



So Kain komot from di Oga God front. Hin kon marry to one daughter of Adam and Eve. Dem kom dey raise family.

Later, Cain shildren-shildren
and shildren-shildren-shildren
kon full di city wey dem found.



As e bi so, di family of Adam and Eve kon grow quick- quick. For dose days, pipol dey live long well-well dan nowaday.



Eve kon born boy, den Eve koll am Seth, bikos e sey, "God don give mi anoda pikin wey go take Abel place".

Seth na godly man hin live 912 years and kon born many shildren.


For di world, pipol bicome more and more wicked as one generation dey follow another one.


Finally, God kon decide sey Hin go destroy human being and all di animals and birds. God dey sorry sey hin kreate human being.
But one man
dey wey make God dey hapi ...


Di man na Noah. Him na Shidren-shidren of Seth, Noah dey righteous and hin dey blameless. He waka wit God.

Hin also teach hin shidren to obey God. Now God plan sey hin go use Noah for strange and special way!

As Man wahala take start

Story wey kom from di Word of God,
di Bible,

dey for inside

Jenesis 3-6

"Di tishing for your word
dey give lite."
Psalm 119:130

Na Di End

Dis Bible story dey yarn us about our wonderful Baba God wey kreate us and Hin wan make wi sabi Am.

God sabi sey wi don do bad tins, wey Hin dey call sin. Di punishment for sin na die, but Baba God love you too much wey Hin kon send Hin only Pikin, Jesus, make Hin kom die on top Kross and make dem punish am for your sins. Den Jesus kon kom back to life and kon go back to Heaven! If you believe inside Jesus and you kon ask Am to forgive your sins, Hin go do am! Hin go kom and live inside you now, and you go live wit Am foreva.

If you believe sey dis na di truth,
tok like dis to God:

Dear Jesus, I believe sey You bi God, and kon bikom man to die for my sins, and now You dey live again. Abeg kom inside my life and forgive my sins, so dat I go fit get new life now, and one day I go fit dey wit You foreva. Helep me to obey You and live for You as Your pikin. Amen.

Read di Bible and tok wit God every day!
John 3:16